



Pou Piblikasyon Imedya: 09/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN AMELYORASYON YO NAN PWOJÈ REZILYANS KI KOUTE 1.2 MILYON DOLA A SOU LAK ONTARIO A

Aprè inondasyon ak domaj konsiderab yo nan Debakadè Lewiston lan, Gouvènè Cuomo te anonse ke yo te ajoute pwojè a nan Inisyativ Devlopman Ekonomik ak Rezilyans li an

Mizajou yo gen ladan amelyorasyon sekirite ki ranfòse ak mezi pwoteksyon kont inondasyon tankou nouvo estabilizasyon pou bò rivaj la ak waf flotant yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a achèvmann amelyorasyon yo nan pwojè rezilyans ki koute 1.2 milyon dola a nan Debakadè Lewiston (Lewiston Landing) lan sou Lak Ontario a nan kad Inisyativ Devlopman Ekonomik ak Rezilyans (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI) li a. Amelyorasyon yo nan destinasyon bò dlo ki popilè a gen ladan nouvo mezi estabilizasyon pou bò rivaj la pou pwoteje zòn lan kont inondasyon ak enstalasyon nouvo waf flotant yo, yon nouvo trajektwa ki gen balistrad, ekleraj ki amelyore ak estasyon enèji yo.

"Pwogram REDI a se yon testaman konsènan sa yo ka reyalize lè gouvènman Eta a ak lokal yo travay ansanm", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Atravè patenarya sa a yo te reyalize yon vizyon, youn ki fonde sou revitalizasyon ak rezilyans. Ajou ak mizajou yo nan Lewiston Landing pral pwoteje zòn lan anba inondasyon alavni, pandan yo ap ankouraje itilizasyon kominotè ak estimile ekonomi lokal la. Pwojè REDI yo tankou restorasyon Lewiston Landing lan, pral ede asire ke moun ki soti nan tout Eta a pral kapab kontinye vizite ak pwofite de destinasyon lete prefere yo a."

Pwojè Debakadè Lewiston lan, ke Vilaj Lewiston te antreprann avèk èd ke Depatman Deta New York la te bay, gen ladan mezi pou rediksyon inondasyon yo tankou:

- Elevasyon bò rivaj la ak estabilizasyon bò rivaj la pou evite inondasyon pandan pwochen evènman gwo dlo yo.
- Rekonstriksyon esplanad piblik la pou fasilite aksè nan plizyè etablisman nan tout bò dlo a
- Ranplase waf bato ki egziste yo avèk waf flotant ogmante rezilyans bò dlo a nan pèmèt navigasyon rekreyatif pandan nivo dlo wo yo

Pifò nan debakadè Lewiston lan te vin sibmèje pandan tanpèt an 2017 ak an 2019 yo, akòz nivo dlo elve Lak Ontario a ak lapli, sa ki te ogmante tou elevasyon dlo Rivyè Niagara (Niagara River) a. Pandan evènman sa yo, efè konbine yo inondasyon ak aksyon vag yo te afekte gravman Debakadè Lewiston lan ak enstalasyon li yo ki te deja nan movèz eta. Pwojè sa a te elve Debakadè a piwo 252 pye epi li te estabilize bò rivaj la pou li vini rezilyan pa rapò ak fòs evènman gwo dlo yo alavni, epi li te enstale tou nouvo waf flotan yo ki pral elve ak tonbe yon fason ki adapte an repons ak nivo dlo ak kondisyon dlo lokal ki ap chanje yo.

Pou amelyore eksperyans ak sekirite vizitè yo, pwojè a te gen ladan konstriksyon yon nouvo debakadè/trajektwa ki gen balistrad ak ekleraj, ansanm ak enstalasyon nouvo priz kouran ak liy sèvis pou sit la.

"New York gen yon responsabilite espesyal pou li se jeran Great Lakes (Gran Lak) yo ak pwoteje yo pou moun ki ap viv nan kominote sa yo ak biznis ki ap fonksyone isit la", **Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul, te deklare.** "Pandan kominote bò dlo yo nan tout Lak Ontario a ak Rivyè Niagara a tap fè fas ak gwo difikilte nan ane pase yo, New York ap ede yo rebati pi byen, pi entèlijan ak pi rezilyan pase avan. Achèyman amelyorasyon jodi a yo nan Debakadè Lewiston lan - prensipal pwen aksè pou anpil aktivite bò dlo yo ak sèl sit piblik vilaj la ki bay aksè dirèk nan Rivyè Niagara a - pral pwoteje li kont evènman gwo dlo yo alavni epi asire ke li rete yon kote pou rejwisans pou jenerasyon alavni yo".

Sekretè Deta Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare, "Gras ak lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York te kontinye travay avèk lidè lokal yo nan tout bò rivaj Lak Ontario a menm nan mitan pandemi COVID-19 la. Nou angaje nou pou ede kominote vibran sa yo revitalize bò dlo yo a epi ranfòse rezilyans non sèlman resous enfrastrikti yo men tout ekonomi lokal yo a nan pwoteje yo kont inondasyon alavni yo. Depatman Deta (Department of State, DOS) a fyè pou li travay dirèkteman avèk Vilaj Lewiston ak ofisyèl eli li yo pou rebati Debakadè Lewiston lan pi entèlijan, sa ki bay avantaj non sèlman pou rezidan Lewiston yo men anpil vizitè ki pwofite destinasyon sa a epi pandan ane ki ap vini yo".

Senatè Robert Ortz te deklare, "Nivo gwo dlo Lak Ontario yo te devaste plizyè vil ak vilaj nan tout bò rivaj rejyon sidès la, sa ki lakòz plizyè milyon dola deja epi ki te desime vyabilite ekonomik anpil kominote yo. Akòz katastwòf sa a, Eta New York ak Komisyon REDI a te entèveni epi li te bay finansman vital nan pwojè yo ki pral ede remete kominote sa yo sou wout rekiperasyon an. Achèyman pwojè Debakadè Lewiston lan se jis yon egzanp nan efò rekiperasyon ak preparasyon Eta New York yo pou potansyèl inondasyon alavni".

Manm Asanble Angelo Morinello te deklare, "Evènman gwo dlo 2017 ak 2019 yo te genyen efè devastatè sou kominote bò rivaj yo, gen ladan Vilaj Lewiston, kote nivo dlo wo yo te mennen nan fèmti waf yo. Debakadè Lewiston la se youn nan resous ki pi enpòtan ekonomi Vilaj Lewiston lan, sa ki atire vizitè soti nan tout Eta New York. Gras ak Gouvènè Cuomo ak reyalizasyon Inisyativ Devlopman Ekonomik ak Rezilyans

(REDI) lan pral kapab kenbe waf yo ouvè pandan evènman gwo dlo alavni yo, konsa sa sipòte biznis lokal nou yo ak endistri touris la ki sitèlman enpòtan pou yo".

Prezidan Lejislati Konte Niagara a, Rebecca Wydysh, te deklare, "Pwojè REDI sa yo enpòtan anpil pou kominote yo nan tout dlo a nan Konte Niagara ki te afekte negativman anba inondasyon, gen ladan isit la menm nan Debakadè Lewiston lan, kidonk mwen aplodi tout sila yo ki te enplike pou fè pwojè sa a fèt. Debakadè Lewiston lan plis pase yon senp bèl espas pou rekreyasyon, li se yon pati enpòtan pou endistri touris nou an ak nan atirte moun pou biznis lokal nou yo. Epi dèske nivo dlo yo, malerezman, pral yon pwoblèm kontini, nou dwe envesti nan pwojè enfrastrikti yo tankou sa a ki kapab redwi dega yo".

Majistra Lewiston lan, Anne Welch, te deklare, "Mèsi Gouvènè Cuomo ak Komisyon REDI a pou patenarya nou pandan nou ap travay pou reyimajine ak rebati Debakadè Lewiston lan. Atravè patenarya sa a avèk Eta a nou te kapab fè amelyorasyon vital nan bò rivaj yo. Amelyorasyon sa yo gen ladan ajou waf flotan yo ki pral asire ke debakadè a rete ouvè menm pandan moman dlo wo yo, sa ki ap pèmèt ni rezidan lokal yo ak vizitè yo ki soti nan tout Eta a kontinye pwofie jwayo Vilaj la".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Kòporasyon Touris ak Konvansyon Niagara (Niagara Tourism and Convention Corporation) a, John Percy, te deklare, "Debakadè Lewiston lan se yon bèl amelyorasyon pou kominote ki anviwone li yo, men tou li bay yon eksperyans mèvèye pou vizitè nou yo ki soti nan tout monn lan. Bò dlo a nan Lewiston se yon bèl trezò epi mwen aplodi efò yo pou restore li, pandan li ajoute tou amelyorasyon ak mizajou yo pou asire bote li pandan jenerasyon ki ap vini".

Nan repons ak chema inondasyon pwolonje nan tout bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo, Gouvènè Cuomo te kreye REDI a pou ogmante rezilyans kominote bò rivaj yo epi estimile devlopman ekonomik nan rejyon an. Yo te etabli senk Komite Planifikasyon Rejyonal (Regional Planning Committees) REDI yo, ki gen reprezantan ki soti nan uit konte (Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence) pou idantifye priyorite lokal yo, enfrastrikti arisk ak lòt resous yo, ak enkyetid konsènan sekirite piblik yo. Komisyon REDI a te atribye 20 milyon dola pou bay pwopriyetè kay yo asistans, 30 milyon dola pou amelyore rezistans biznis yo, ak 15 milyon dola pou yon efò dragaj rejyonal ke chak nan uit konte nan rejyon REDI yo ap benefisyè. Yo te atribiye balans 235 milyon dola ki rete a, bay pwojè lokal ak rejyonal ki fè vanse epi montre egzanp misyon REDI a.

Anba enstriksyon Gouvènè Cuomo, Komisyon REDI a te vizite zòn ki te frape anpil anba inondasyon Lak Ontario yo epi li te travay avèk kominote lokal yo pou vini avèk yon nouvo vizyon pou bò rivaj la nan yon pwendvi ki chita alafwa sou rezilyans ak devlopman ekonomik dekwa pou rebati pi byen ak pi solid alavni. Yo te devlope yon pake aksyon - ki soti nan chanjman lejislatif pou rive nan pake èd yo, mezi egzekitif yo - ki pral kapab reziste kèlkeswa sa Manman Lanati (Mother Nature) genyen an rezèv. Yon pati nan plan sa a enkli fason pou andisi establishman piblik ak amelyore karakteristik natirèl tankou rivaj vivan ak ranplisaj sab sou rivaj Lak Ontario an.

Pwojè REDI a konplete patenarya alontèm ant Pwogram Revitalizasyon Bò Dlo Lokal (Local Waterfront Revitalization Program) DOS la ak Vilaj la, ki te bay kòm rezilta finansman plis pase 900,000 dola pou efò amelyorasyon ak revitalizasyon nan Debakadè Lewiston lan gen ladan konstriksyon yon pasrèl flotan ak plizyè apontman waf flotan, ansanm ak ranp aksè ki konfòm ak Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA) pou pasrèl la pou asire ke tout rezidan ak vizitè yo kapab pwofite bò dlo a.

Debakadè Lewiston lan se prensipal pwèn aksè pou plizyè aktivite bò dlo yo, aktivite lapèch ak navigasyon, ak restoran yo. Marina Debakadè Lewiston lan se yon sit piblik andedan vilaj la ki bay aksè dirèk ak Rivyè Niagara a epi li ofri opòtinite rekreyatif pou rezidan ansanm ak vizitè yo, gen ladan lapèch, navigasyon, ak jwisans total nan Rivyè Niagara a. Pou plis enfòmasyon sou pwojè REDI Debakadè Lewiston lan ak lòt pwojè REDI yo nan Rejyon Niagara a, tanpri klike [isit la](#).

Biwo Planifikasyon, Devlopman ak Enfrastrikti Kominotè (Office of Planning, Development and Community) DOS la ogmante rezilyans ak kwasans dirab nan kominote New York yo nan fè avanse solisyon pwogresiv sou itilizasyon tè ak planifikasyon ak devlopman ki oryante sou kominote yo. Pou plis enfòmasyon sou pwogram ke Biwo sa a ap jere yo, ale sou <https://www.dos.ny.gov/opd/>. Swiv DOS sou Twitter nan @NYSDOS oswa sou Facebook nan <https://www.facebook.com/NewYorkDepartmentOfState/>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)